

# Gahunda yihuta yo gushigikira ukwiga mu gihe ca COVID

## Inkuru kubavyeyi n'abarezi

### Ivyerekeranye na gahunda yihuta yo gushigikira ukwiga mu gihe ca COVID

Gahunda yihuta yo gushigikira ukwiga mu gihe ca COVID (COVID Intensive Learning Support Program (CILSP)) itanga amahera y'ishuri ku mirwi mito mito y'abanyeshuri bayikeneye mu mashuri yose y'intango yo muri NSW, ayisumbuye n'amashuri yigisha ibintu bidasanzwe.

Iyo gahunda ni akigoro ko gukorera hamwe kari hagati NSW Igisata c'Indero n'ubumenyi, amashuri akukira aba Katolika yo muri NSW hamwe n'Ishirahamwe ry'amashuri yigenga yo muri NSW.

Iyi gahunda yatanguwe kugira ngo ifashe abanyeshuri bagizwe ko ingaruka z'ukwiga zitewe n'ibiringo birebire vy'ukwigira muhira kubwa ubwa mbere ikiza ca COVID-19. Iyo Iyo gahunda yerekeranye n'ugusoma hamwe n'uguharura.

Ishuri iryo ari ryo ryose rishiraho gahunda yaryo ryisunze ibikenewe n'abanyeshuri baryo kandi rikayobora iyo gahunda mu gukoresha abahinga b'abigisha bavyize hamwe n'abandi bigisha nk'abo muri za kaminuza n'abigisha bigisha abataratangura amashuri y'intango. Ivyo vyigwa vyigirwa mu mirwi mito mito bishobora gutangwa imbere y'uko amasaha y'ivyigwa vy'ishuri atangura canke inyuma y'amasaha y'ivyigwa vy'ishuri.

### Ingene iyo gahunda ikora

Biciye muri gahunda yihuta yo gushigikira ukwiga mu gihe ca COVID, amashuri ahabwa amahera yo kwongereza abigisha bo kwigisha mu mirwi mito mito y'abanyeshuri.

Bafadikaniye n'umuyobozi mukuru w'ishuri kandi banakoresheje amasuzuma n'ibibazo vyinshi, umwigisha w'ikirasi ni we atoranya kandi abona abana bakwiriye kuja muri iyo mirwi mito mito bagahabwa ayo mahera.

Kugira ngo umwana wese yemererwa kuja muri uwo murwi muto bibanza kwemezwa n'abavyeyi babo canke abarezi babo hanyuma integuro y'uwo mwigisha ikabona kuja mu ngiro. Ugutera imbere mu bumenyi kw'umwana kuguma gusuzumwa, kandi n'abavyeyi hamwe n'abarezi biwe bakabimenyeshwa.

### Ibintu bikuru bikuru vy'iyi gahunda

- Abanyeshuri bo mw'ishuri yose yo muri Reta ya NSW barashigikiwe n'iyi gahunda. Mu mwaka wa 2021 abanyeshuri bose bashika 265,000 ni bo bashigikiwe n'iyi gahunda.
- Amahera yo gushigikira imirwi mito mito atangwa kugira ngo hongerezwe abigisha- muri abo hariho abaza rimwe na rimwe n'abaza vy'imfatakibanza, abigisha bakukurutse, n'abigisha bakiri abanyeshuri. Abigisha bongeweko bakorana hafi n'abigisha b'ibirasi kugira ngo barabe neza ko ayo mahera ashirwa ku vya nkenerwa vy'abanyeshuri.

- Ayo mahera ahanini yerekeranye n’ugusoma hamwe no guharura.
- Umurwi w’abigisha b’abahinga n’abaraba ivy’intwano barashigikira kandi bakarongora amashuri mu gushira mu ngiro iyo gahunda.
- Amahera yo gushigikira imirwi mito mito ajejwe gutanga inyigisho zunganira izaja zaratanzwe hamwe n’ugushigikira ukwiga ku mirwi iri hagati y’abanyeshuri 2-5. Abanyeshuri baguma bigishwa igihe kanaka cashinzwe kandi hafiswe intumbero yo gushimangira ivyigishijwe mw’ishuri.

### **Gahuda yihuta yo gushigikira ukwiga mu gihe ca COVID n’umwana wawe**

Umwigisha w’umwana wawe azogumana imigenderanire nawe, igihe cose bazoba bibaza yuko iyo gahunda hari ico iriko irungura umwana wawe.

Nimba ukeneye kumenya vyinshi birengeye ibi ku bijanye n’iyo gahunda ronderera kuri GahuNda yihuta yo gushigikira ukwiga mu gihe ca COVID kurubuga ngurukabumenyi ([COVID Intensive Learning Support Program webpage](#)). Nimba ukeneye izindi nkuru zisumba izi tuguhaye, ukwiye kubivugana n’umwigisha w’umwana wawe.

### **Ibikorwa vyo gusigura kuri telephone**

Nimba ukeneye izindi nkuru usabwe guhamagara umuyobozi mukuru w’ishuri umwana wawe yigako. Nimba ukeneye umusobanuzi wo kugufasha mu vyo uzoba uriko urabaza, usabwe guhamagara ku bikorwa vya telephone vy’ugusobanura kuri 131 450 kandi uce usaba umusobanuzi mu rurimi rwawe. Bwira uwo muntu ariko arakwitaba kuri iyo telephone yuko ugomba guhamagara, kandi uwo muntu aca akuronderera umusobanuzi ku murongo kugira ngo agufashe muri ico kiganiro. Nta mahera uzorihishwa kubera uyo musobanuzi.